



## THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

**ROBERT W. RUNCIE**  
*Superintendent of Schools*

**The School Board of  
Broward County, Florida**

Heather P. Brinkworth, Chair  
Donna P. Korn, Vice Chair

Lori Alhadeff  
Robin Bartleman  
Patricia Good  
Laurie Rich Levinson  
Ann Murray  
Dr. Rosalind Osgood  
Nora Rupert

30 Janvye, 2019

Pou Paran ak Gadyen,

Kòm n ap apwoche premye ane komemorasyon trajedi ki te frape nan lekòl Marjory Stoneman Douglas High School, plizyè elèv, manm estaf ak manm fanmi-nou-yo enkyè epi gen lakrent trajedi a va atire plis diskisyon nan kominote a ak atansyon medya. Nou vle fè w konnen se sèten nou va gen sèvis sipò adisyonnèl ki disponnib.

Ou va jwenn atache ak lèt la yon dokiman\*, prepare an kolaborasyon ak Sant nasyonnal pou Kriz nan lekòl ak peryòd dèy (*National Center for School Crisis and Bereavement*); dokiman an ofri konsèy sou jan pou pale ak pitit-ou epi sipòte li, epitou yon rezime kèk sèvis sipò ki disponnib pou fanmi ou. Tanpri kontakte lekòl pitit-ou si ou gen kesyon oswa ou ta renmen plis enfòmasyon.

Le 14 fevriye, 2019, lekòl atravè Distri a ka mande elèv-yo patisipe nan yon Jounen Sèvis epi Lanmou (*A Day of Service and Love.*) Diplis a dizè disèt minit tapan, 10:17 a.m., Distri a ak kominote a nèt va obsève yon moman silans pou onnòre tout moun ki te pèdi lavi-yo epi rekonnèt tout moun ki te blese ak sibi donmaj nan kò diran trajedi sa.

Onon lekòl piblik Broward County, m ap envite w vin onnòre tout moun kominote a pèdi le 14 Fevriye, 2018. Nou va rekonnèt tou gerizon ak fòs mantal elèv-nou-yo, estaf ak fanmi ki te blese ak sibi donmaj nan kò oswa ki te afekte emosyonèlman.

Distri nou pran angajman founi sipò pou elèv ak estaf nou-yo pandan n ap kontinye geri de trajedi sa. Mwen vle tou transmèt apresyasyon pèsonnèl mwen bay tout fanmi nou yo pou sipò-yo pandan n ap kontinye fè mye antanke kominote.

Sensèman,

Robert W. Runcie,  
Superintendent of Schools

\* Dokiman

<https://www.browardschools.com/cms/lib/FL01803656/Centricity/Domain/14019/Parents%20Guide%20from%20the%20National%20Center%20for%20School%20Crisis%20and%20Bereavement%20HC.pdf>